**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қарақалпақ филологиясы факультети**

**«Журналистика» кафедрасы**

# «Журналистика тарийхы»

пәнинен лекция тексти

5А320100-журналистика бакалавр бағдары
студентлери ушын

**Дүзген:** **т.и.к.Д.Бекбаўлиев**

**Нөкис -2014**

1-Лекция

Кирисиў

Ғәрезсизлик дәўири Өзбекстан баспасөзи жәмийет жаңаланып атырған, өмир жаңаша мазмун мен байып атырған бир ўақытта, еркин пикирлеў, азат инсан тәғдири менен байланыслы жәмийетлик-сиясий, мәдений-ағартыўшылық процесслерге ҳәзир жуўаплылық көрсетиўши зәрүр минберге айланды. Бул жағдай мәмлекетимизде ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың тийкарларын салып атырған бир дәўирде, әсиресе, баслы әҳмийетке ийе болып қалмақта.

Ғәрезсизликтиң 20-жылы даўамында мәмлекетимизде ғалаба хабар қуралларына бола еркинлестириў сиясатының алып барылғанлығы дыққатқа ылайық. Бул дәўирлерде (өткен жыллар даўамында) журналистиканың ҳуқықый тийкарларын жаратыў ең заманагөй мәселелердиң бирине айланды. 1991-жылдан 2010-жыллар аралығында ғалаба хабар кураллары ҳәм оларда хызмет етиўлери ушын ҳуқықый замин жаратыўда ең бир әҳмийетли дәўир болды десек дурыс болады.

Ғәрезсизлик дәўири Өзбекстан Журналистикасы тарийхын үйрениў бир ўақыттың өзинде ҳәм ғәрезсизлик дәўири ғалаба хабар қураллары хызметин, ҳәм тарийхый мағлыўматлар, газета ҳәм архив материаллары, журналлар, публицист ҳәм жазыўшылардың дөретиўшилигине айрықша итибар қаратыўды оларды ҳәр тәреплеме үйрениўди талап етеди. Сонлықтанда, баспасөз өтмиш пенен келешек ортасындағы көпир хызметин аткарады – деген пикирге айрықша итибар қаратыў зәрүр.

Әсиресе, халқымыз ғәрезсизликке ерискен ҳәзирги шараятта Туркистан баспасөзи тарийхында терең из қалдырған миллий баспасөз органлары «Тараққий», «Садои Туркистон», «Садои Фарғона», «Самарқанд», «Ойина» сыяқлы мәлимлеме қуралларын үйрениў, анализлеў арқалы миллий қәдириятларымыздың ең әҳмийетли тәреплерин ашып бериў менен бирге, оның беккемлениўинде айрықша орын тутады.

Миллий баспасөзимиздиң тарийх бетлериниң қайта тиклениўи менен мақалалардың басып шығарыў тарийхын үйрениў арқалы еркин пикир алмасыў имканиятын берди. Бул тарийхқа аңлы, саналы қатнас жасаўға тийкар жаратты.

Президентимиз Ислам Каримов «Өзликти аңлаў тарийхты билиўден басланады («Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз» 7-том. 136-бет. 1999-жыл) деген сөзлери ғәрезсизлик дәўиринде теориялық-методикалық бағдардың қәлиплесиўине тийкар болып хызмет етпекте. Ғәрезсизликтиң 20 жыл ишинде жадид мағрифатшыларының исмлери ақланды, шығармалары қайта-қайта баспадан шығарылды. Оларға болған унамсыз көз-карaслардың тийкарсыз екенлиги илимий көз-қарастан дәлийлленди.

Ҳәзирги күнде миллий ғәрезсизлик идеологиясын қәлиплестириў, руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық ислерин үгит-нәсиятлаў ислерине айрықша итибар қаратылмақта. Ғәрезсизлик шарапаты менен руўхый, диний қәдириятларымыз қайта тикленди. Бул бағдарда ғалаба хабар қураллары үлкен билимлендириў ислерин алып бармақта.

Ҳәзирги күнде Түркистанда күнделикли баспасөздиң пайда болыўы, тарийхы бойынша көплеген илимий мийнетлер, китаплар, топламлар, мақалалар баспадан шығарылмақта. Усы орында жаңа мағлыўматлар ҳәм де жаңаша замангөй қатнас жасаў тийкарында Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы «Давлат ва жамият Қуришили Академияси» ның «Өзбекстанның жаңа тарийхый орайы» алым, илимпаз тарийхшылары тәрепинен бир қатар дыққатқа ылайық илимий мийнетлердиң исленгенлигин атап өтиў орынлы.

Бүгинги күнде, мәмлекетимиз баспасөзиниң ең ири органлары есапланған – «Өзбекстан әдебияты ҳәм санааты», «Халқ сўзи», «Шарқ юлдузи», «Мулоҳат», «Тафаккур», «Фан ва турмуш», «Ўзбекистон тарихи» сыяқлы газета ҳәм журналларда баспасөз тарийхы айрықша итибар менен үйренилмекте. Усы орында халқымыздың мәдений мийрасын, халысана терең ҳәм исшил жарытып барыўда, үгит-нәсиятлаўда Өзбекстанда шығып

турған жетекши журналлар айрықша белсендилик көрсетип атырғанлығын айтып өтиў орынлы. Оларда Ислам дини теориясы, мусылманшылық тарийхы ҳәм дәстүрлери, миллий ҳәм улыўма инсанылық қәдириятлар тийкарымыз болған бай мәдений мийрасларымызды үйрениў, илимий жақтан анализлеўге итибар қаратылды. Имом Аль Бухарий, Имом Ат Термизий, Хожа Ахмад Яссаўий, Шайх Нажмаддин Кубра, Хожда Баҳаўаддин Нағышбанд, Саҳипқыран Амир Темур сыяқлы тарийхый шахслар, уллы данышпан тулғалардың илимий рууҳый, ағартыўшылық ҳәм де Исламий мийрасының халқымызға кеңнен танылыўында күнделикли баспасөздиң хызмети үлкен болды. Бул жағдайды Өзбекстанда ғалаба хабар қуралларын демократияластырыў бағдарында тасланып атырған нық қәдемлердиң көриниси сыпатында баҳалаўымыз мүмкин.


Әдебиятлар:

1. Абдуазизова Н. «Миллий журналистикамиз тарихи» 1-2-том Т.: 2008.
2. Абдуазизова Н. «Туркистон матбуоти тарихи» Т.: «Академия» 2002-й.
3. Жалалов А, Узганбаев Ҳ. «Ўзбек маърифатпарварлик адабиётининг тараққиётида вақтли матбуотнинг ўрни». Т.: «Фан» 1993-й.

## 2-Лекция. Тема: Ғәрезсизлик дәўири – миллий баспасөзимиз раўажланыўының жаңа басқышы

**Соны айрықша атап өтиў орынлы, Өзбекстан тарийхында, бурын, ҳеш қашан хабар қураллары хызметкерлерине ҳәзиргидей жуўапкерли ҳәм де шарапатлы ўазыйпа жүкленбеген. Ҳеш бир заманда Ғалаба Хабар Қуралларына ҳәзиргидей итибар ҳәм қоллап-қуўатлаў көрсетилмеген. Себеби, баспасөз ҳеш бир дәўирде ғәрезсизлик дәўириндегидей ҳақыйқый миллийлик түсин алмаған. Бурынлары ол ҳүкимдар дүзимниң халқымыз тәбиятына жат болған ҳүкимран идеясын үгит-нәсиятлаўға мәжбүр еди. Бүгин, өзбек баспасөзи, ең әўеле, ғәрезсиз мәмлекетимиз ҳәм инсанларымыздың қорғаўшысы, мәмлекет ҳәм жәмийет ортасында қалыс қатнас қуралы сыпатында жумыс алып бармақта. Бул жараян, ҳәр бир журналисттен және де батыр, пидайы, белсенди ҳәм ҳәзир жуўап болыўды, ўақыялар қазанында қайнап писиўди, дөретиўшилик шеберликти үзликсиз асырып барыўды талап етти.**

**Ислам Каримов**

Өзбекстан ғәрезсизликке ерисккеннен кейин халқымыз алдында еки әҳмийетли ўазыйпа турды.

Биринshиси; - миллий мәмлекетлик суверентетти тәмийинлеў, екиншиси; - базар қатнасығына (экономикасына) өтиў. Әлбетте, бул процесслер өз-өзинен әмелге аспайды. Буның ушын биринши гезекте мәмлекетти басқарыўдың жаңа механизмин ислеп шығыў зәрүрлиги келип шықты. Президентимиз И.А.Каримовтың баслығында бул қыйын жолды халқымыз мәрдана басып өтти. Ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ, дүньяның 150 ден аслам мәмлекетлери Өзбекстанды ғәрезсиз мәмлекет деп тән алды. Дерлик, олардың ҳәммеси менен дипломатиялық қатнасықлар

орнатылды. Базар қатнасықларына басқышпа-басқыш өтиў концепциясы өз нәтийжесин берди. Бүгинги күнде Өзбекстан таңлаған жолды бүткил дүнья тән алмақта. Халықтың социаллық-экономикалық жағдайларын жақсылаўға, пуқаралардың ҳуқық ҳәм кепилликлерин сақлаўға қаратылған. Көплеп нызамлардың қабыл етилиўи ҳәм оның ис жүзиндеги нәтийжеси сөзимиздиң мысалы. Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстанда баспасөз, сондай-ақ, китап басылымлары да раўажланып бармақта.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап-ақ, жаңадан-жаңа баспадан пайда бола баслады. Китап басылымларына ҳәм баспа ислериндеги жетискенликлер баспа ислериниң заманагөй жетискенликлерин өзлестириў менен қәлиплескенлигин көремиз. Бул бағдарда «Өзбекстан Республикасының Мошиллик фоалияти ҳаққында» ғы нызамы (1996-жыл 30-август) ҳуқықый тийкар болды. Бул нызамның қабыл етилиўи менен басылымлар баспа ислери бағдарында, темалар қәнигелесиў, шығарылатуғын өнимлердиң тиражын белгилеўде, автор таңлаўда еркин мийнет етиў мүмкиншилигине ийе болды. Усы нызам тийкарында юридикалық ҳәм физикалық тәреплер нызам ҳүжжетлерде белгиленген тәртирпте мәмлекетлик дизимнен өтип лицензия алғаннан кеийн баспа иси хызмети менен шуғылланыў ҳуқықына ийе болды. Баспаға таярланған қол жазба ҳәм материалларды цензурадан өткериў бийкар етилди. Басылымлар базар экономикасынан келип шығып қарыйдарбап китаплар басып шығарыўға ҳәрекет етти.

Өзбекстан Республикасы президентиниң 2002-жыл 3-июльдағы «Матбуот ва ахборот соҳасида бошқарувни такоминлаштириш туғриси» ындағы пәрманы тийкарында Өзбекстандағы баспа ислерине басшылық етип келген Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик баспасөз комитети Өзбекстан Республикасы «Матбуот ва ахборот агентлиги» етип қайта шөлкемлестирилди. Агентликке, басқа ўазыйпалар қатарында, баспа ислери ҳәм полиграфия ислерин кең көлемде раўажландырыўға көмеклесиўге, нызамшылыққа бойсыныў үстинен мониторингти әмелге асырыў, баспа ҳәм

полиграфия хызметин ислеп шығарыў техникалық базасын раўажландырыў ҳәм жаңалаў, сертификатластырыў ҳәм стандартластырыў бағдарындағы ис илажларды ислеп шығарыў ҳәм әмелге асырыў ўазыйпалары жүклетилди.

2002-жылдың 10-апрельинде Өзбекстан баспасөз ҳәм хабар агентлиги дизиминдеги Ғафур Ғулом атындағы әдебият ҳәм санаат, «Ёзувчи» баспалары ҳәм реңли баспа фабрика бирлестирилип, Ғафур Ғулом атындағы баспа полиграфия дөретиўшилик үйи (НМИУ нашриёт матбаа ижодий уйи) етипшөлкемлестирилди.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2004-жыл 11-июньдағы «Өзбекстан баспасөз ҳәм хабар агентлиги хызметин жәнеде жетилистириў ҳаққында»ғы 274-қарары тийкарында Өзбекстан баспасөз ҳәм хабар агентлиги қурамындағы «Ўзбекистон», «Меҳнат», «ЎзБЛАНК нашр» баспалары, Тошкент полиграфия комбинаты бирлестирилип «Өзбекстан нашриёт-матбаа ижодий уйи» (Ўзбекистон НМИУ) не айландырылды. «Ўқитувчи» баспасы ҳәм Ташкент китап-журнал фабрикасы тийкарында «Ўқитувчи» баспа полиграфиялық дөретиўшилик үйи, «Шолпан» баспасы (1986-жылдан хызмет етип келген), «Ижод дунёси» баспасы (2000-жылдан хызметте), ҳәм де баспахана бирлестирилип «Шолпан» баспа полиграфиялық дөретиўшилер үйи («Шолпан НИМУ») шөлкемлестирилди.

«Өзбекстан миллий инциклопедиясы» мәмлекетлик илимй баспасына Абдулла Қодрий атындағы «Халқ мероси» баспасы, Абу Али Ибн Сино атындағы «Тиббиёт баспасы» қосылыўы, биригиўи менен «Өзбекстан миллий инциклопедиясы мәмлекетлик илимий баспасы» деп атала баслады. 2006-жылдың биринши мартына шекем Өзбекстан баспасөз ҳәм хабар агентлигине 60 баспа дизимнен өткерилгенин билемиз. Булардан 37 си мәмлекетлик, 6-ы жәмәәтлик, 11 меншик, 6-ы акционерлик баспалар еди.

Баспа ислери ҳәм полиграфия тараўына жаңа заманагөй технологияларды енгизиў күнниң ең әҳмийетли ўазыйпаларынан болып қалмақта. 2006-жылдың 1-мартына шекем 1100 ден артық полиграфиялық

кәрханалар Өзбекстан Республикасы баспасөз ҳәм хабар агентлигинен дизимнен өткен.

Дүньядағы раўажланған мәмлекетлер менен биргеликте ислесиў бул бағдарда өз нәтийжелерин бере баслайды. Мысалы, «Шарқ Юлдузи» компаниясында ис орынлары ең заманагөй технологиялар менен тәмийинленген. АҚШтың «Eastern Trading House INC», фирмасы, Германияның «Siglosh Mascinenbou GmbH», «KBA Planeta Bogenoffset» ҳәм «Ferrostail AG» ҳәм де Австрияның «Muller Martini GmBH» фирмалары менен биргеликте жаңа технологиялар алып келинип орнатылды.

XX әсирдиң соңғы он жыллығы баспа ислери тарийхында жаңа басқышқа-компьютер қуралларын кеңнен қолланыў дәўирин баслап берди. Коппьютерлестириў өним сыпатын тәмийнлеўде үлкен жетискенликлерге тийкар жаратты. Ҳәзирги ўақытта оған бәсекелес тәризде дизайн мәденияты, полиграфты дизайнер сыяқлы қәнигелерде қәлиплести, олар баспа ислери бойынша өз үлеслерин қоспақта.

Ҳәзирги күнде, баспалар санлары (рақамлары, номерлери) халықаралық стандарт ISBN ды басқапрыў ушын ISBN халық аралық агентлигиниң ҳәр бир мәмлекете бийғәрез хызмет ислейтуғын миллий агентлиги дүзилди.

Бүгинги күнде Өзбекстан Республикасы дүнья мәмлекетлери менен биргеликте ислесиў жолындағы сай ҳәрекетлери өз нәтийжелерин берип атыр. Мәмлекетимиз турмысында үлкен әҳмийетке ийе болған ҳүжжетлердиң шет еллерде басылып шығыўына да итибар қаратылмақта. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Конститутциясының тексти тек мәмлекетлик тилде ғана емес, ал ҳәзирги күнде рус, немец, француз, англичан тиллеринде баспадан шығарылды. Бул ғәрезсиз Өзбекстан мәмлекетиниң жетискенликлерине сырт ел сиясий әсбабларының, исбилермен ҳәм мәдениял тараўы хызметкерлериниң үлкен қызығыўшылық пенен қарап атырғанлығынан дәрек береди.

Бүгинги күндеги ең тийкарғы ўазыйпалардың бири «Өзбекстан – мениң Ўатаным» сыяқлы топламлар, мәмлекет, герб, гимни, байрағы ҳаққындағы мағлыўматлар тийкарында мектепке шекемги тәрбия жасындағы балалардан баслап, жаңа әўладтың санасын жетилистирип барыў мақсетке муўапық саналады.

Бүгинги күнде Өзбекстанның китап басып шығарыўшы ең үлкен «Шарқ», «Меҳнат», «Ўқитувчи» баспалары Германияның «Хиделберг», «КВА» фирмаларының заманагөй технологиялары менен тәмийинленген. Өткен қысқа дәўирлер ишинде авторлар, жуўаплы редакторлар, пикир билдириўшилерди таңлаў олардың санын көбейтиў бойынша кең көлемли жумыслар алып барылды. Баспадан шығарып атырған китаплардың сапасын жақсылаў, идеялық жетилискен, жоқары сападағы китапларды баспадан шығарыў бойынша республикадағы тийисли шөлкемлер, илимий мәселелер менен биргеликте жумыслар алып барылмақта. Бул дәўирде китапларды басып шығарыў оларды күнделик газета-журналларда, радио-телевидениеде үгит-нәсиятлаў ең әҳмийетли ўазыйпалардан есапланады. Мине, усы үгит-нәсиятлаўды жолға қойыў мақсетинде 2001-жылдың 8-декабрь сәнесинен баслап «Китап дүньясы» атамасындағы газета шығарылмақта. Бул газетада «Нашриётлар туҳфаси» атамасында арнаўлы бет шөлкемлестирип жаңа китаплар ҳаққындағы мағлыўматлар берилип барылады.

Дүньяның дерлик барлық мәмлекетлеринде баспасөз ҳәм китап басып шығарыўшылық ислери жәмийеттиң жәмийетлик-сиясий турмысында жетекши орынды ийелейди. Президентимиз өз сөзинде «Жәмийетимиздиң бүгинги турмысы, оның барлық қуўанышлы, соның менен бирге машақатлы тәреплери ҒХҚда қаншелли ҳақыйқатлық принциплери негизинде өз сәўлелениўин тапса, жәмийетимизде адалат, туўры сөзлилик муҳиты ҳүкимран болады» - деп атап өткен еди. Баспаларымыздың әмелге асырып атырған жумыслары жәмийетлик пикирди қәлиплестириўде, миллий ғәрезсизлик идеясын халқымыздың, ең дәслеп жас әўладтың санасына сиңдирип барыўдағы айрықша.

Президентимиз атап өткениндей «Жоқары шоққыларға ерисиў ушын, кейинги жылларда мәмлекетимизде нызамшылық тараўында ҳәм әмелий турмысымызда ғалаба хабар қураллары ҳәм китап басып шығарыў тараўының еркин хызмети ушын зәрүр кепилликлер ҳәм жағдайлар туўғызып бериў, журналист кадрларды таярлаў системасын жетилистириў бағдарында көп жумыслар қылынды ҳәм қылынбақта». («Төртинши ҳәкимият» Т., «Меҳнат», 2003).

Мәмлкетимизде биринши мәрте «Баспа хызмети ҳаққында»ғы ең әҳмийетли нызам. 1996-жылы 30-августта қабыл етилди. Бул нызам мәмлкетлик кәрхана ҳәм де шөлкемлер менен бир қатарда, бул тараўда хызмет етип дәрамат табыўды алдына мақсет етип қойған физикалық тәреплерге де кең мүмкиншиликлер ашып берди. 1997-жылы 11-августтан «Ношрлик фаолияти билан шуғилланиш масалаларини тартибга солиш» ҳаққында Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң Қарары қабыл етилди.

2003-жылдың 3-июльнда Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Баспасөз ҳәм мәлимлеме тараўында басқарыўды жетилистириў ҳаққында»ғы пәрманы қабыл етилди. Бул пәрманнан гөзленген мақсет мәмлкеттиң жәмийетлик турмысын демократияластырыў барысында ҒХҚ ҳаққындағы ҳәм де «Баспа хызмети ҳаққында»ғы нызамларға муўапық республика халқының мәлимлемеге болған талап ҳәм зәрүрлигин жәнe де толығырақ қандырыў, ҒХҚ, Баспа ислери ҳәм полиграфия хызметин кең көлемли раўажландырыўға көмеклесиў мәмлимлеме хызметлериниң заманагөй базарын қәлиплестириўден ибарат. Бул үлкен ўазыйпаны орынлаў Өзбекстан республикасы Баспасөз ҳәм хабар агентлиги жуўапкершилигине жүкленди.

Өзбекстан – полиграфия санааты раўажланған мәмлекетлер менен биргеликте жумыс алып барыўды жақсы жолға қойған. Усының нәтийжесинде ҳәр жылы Ташкент қаласында «Uzbekprint» халық аралық көргизбеси өткериледи. Бул көргизбеге АҚШ, Азия мәмлекетлери, Батыс

Европа мәмлекетлери бийғәрез мәмлекетлердиң дослық аўқамы мәмлекетлери қатнасады.

Әдебиятлар:

1. Ўзбекистон Республикаси Конститутциясига шарҳ. Т., 2008. 255-262-б

2. Ахборот ва Ахборотлаштиришга оид норматив-ҳуқиқий ҳужжатлар тўплами. Т., 2008-й.

3. Абдуазизова Н. Миллий журналистика тарихи.Т., 2008-й. 1-2-жилд

Материалларды өзлестириў ушын сораўлар

1. Өзбекстан ғалаба хабар қуралларының дүнья журналистикасының раўажланыўда тутқан орны қандай?

2. Ғалаба хабар қураллары ҳуқықый тийкарлары дегенде нении түсинесиз?

3. Өзбекстанда ҒХҚ типологиясын қалай түсиндиресиз?

4. Ғәрезсизлик дәўири Өзбекстан журналистикасының раўажланыўына тийкар болған жағдайлар?

## 3-Лекция. Тема: Дүнья жүзилик журналистиканың раўажланыўында Өзбекстан ғалаба хабар қуралларының орны

Өзбекстан Республикасы Конститутциясының XV бап. 67-статьясында «Ғалаба хабар қураллары еркин ҳәм нызамға муўапық жумыс алып барады. Олар мәлимлемениң дурыслығы ушын белгиленген тәртипте жуўап береди» дейди.

Өзбекстан Республикасының «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында»ғы 2007-жыл 15-январьдағы қабыл етилген жаңа редакциядағы нызамында: «Өзбекстан Республикасында ғалаба хабар қураллары еркин болып, олар Өзбекстан Республикасы Конститутциясына усы нызамға ҳәм басқа нызам ҳүжжетлерине муўапық хызмет көрсетеди.

Ғалаба хабар қураллары мәлимлемени излеў, алыў ҳәм тарқатыў ҳуқықырнан пайдаланады ҳәм де өзлери жәриялап атырған информациялардың дурыслығы, дәллиги, анықлығы ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жуўапкер болады, –деп көрсетеди.

Демократиялық мәмлекетлерде ғалаба хабар қураллары еркинлигин, олардың хызмет көрсетиўи мүмкиншиликлерин тәмийнлеў менен бирге бул еркинликлердиң аяқ асты етилиўине жол қойылмайды. Биринши нәўбетте, ғалаба хабар қураллары ҳәм журналистлер, жоқарыда айтып өткенимиздей, берилип атырған информацияның мәлимлемениң дурыслығы ушын жуўап береди. Екиншиден, Өзбекстан Республикасының конституциялық дүзилисин, территориялық бирлигин зорлық пенен өзгертиўге умтылыў, урыс ҳәм зорлықты, мийримсизликти, миллий рассалық ҳәм диний алааўызлықты үгит-нәсиятлаў, мәмлекетлик сырды яки нызам менен қорғалатуғын басқа сырды әшкара етиў, жынаятшылық жуўапкершиликке себеп болатуғын ҳәрекетлерди болдырыўды үгит-нәсиятлаўға рухсат етилмейди.

Үшиншиден, пуқаралардың ар-намысы, қәдир-қымбатын аяқ асты етиў, олардың жекке турмысына араласыў да қадаған етиледи.

Бул шеклеўлер жәнe бир мәрте ҳуықый мәмлекетте сөз еркинлиги ғалаба хабар қураллары еркинлиги қәлеген пикир яки көз қараслардың берилиўине жол қойылмайтуғынынан, бирақ бул шеклеўлер қысқа ҳәм анық болыўынан дәрек береди.

Сөз еркинлиги ҳуқықый демократиялық реформаларды әмелге асырыў дәўиринде айрықша орын тутады. Ҳуқықый мәмлекет қурыў, биринши нәўбетте, сөз еркинлигин тәмийнлеўди талап етеди. Соның ушында Президентимиз И. Каримов ғәрезсизлигимиздиң дәслепки күнлеринен тап усы бүгинги күнге шекем «Жәмийетимизде пикирлер,

көз-қараслар рәңбе-реңлигине ерисиўимиз керек»- деп айтып отырғаны қурыдан-қуры емес.

Сөз еркинлиги тек пухараның сөз еркинлиги емес, бәлки ғалаба хабар қураллары ҳәм де жәмийетлик бирлеспелердиң де ҳуқықы екенлиги норматив ҳуқықый ҳүжжетлерде өз тастыйғын таўып атыр.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримов Олий Мажлис Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянатында көрсетип өткениндей, «Бүгин турмыстың өзи алдымызға пуҳаралық жәмийети институтлары системасында ғалаба хабар қураллары орны ҳәм ролин тағыда беккемлеў ўазыйпасын қатаң түрде коймақта. Ғалаба хабар қуралларын буннан былайда еркинлестириў, мәмлекетлик емес, баспасөз басылымлары радио, телевидениениң жумысын жанландырыў, олардың Интернет глобал тармағына кириў имканиятларын кеңейтиў, алып барылып атырған реформалар сиясатының айдынлығын ҳәм жәриялылығын тәмийнлеўге, күшли пуқаралық жәмийеттиң избе-из қәлиплесиўине мәдет бериўи дәркар.

Миллий баспасөзимиздиң сапасын, шеберлигин ҳәм тәсиршеңлигин арттырыў, оны раўажланған мәмлекетлердиң ғалаба хабар қураллары еркинлиги ерискен жоқары талаплар ҳәм өлшемлер дәрежесине көрсетиў ушын имкан беретуғын шараятларды жаратыў мақсетинде ғалаба хабар қураллары саласындағы нызамшылықты буннан былайда жетилистириўди тәмийнлеў зәрүр». Соның менен бирге, «Өзбекстанда демократиялық жаңаланыўлар жәраяның тереңлестириў ҳәм пуқаралардың еркинликлерин тәмийнлеўдиң ең әҳмийетли шәрти- бул ғалаба хабар қуралларын раўажландырыў ушын демократиялық мүмкиншиликлерди жаратыў бойынша анық илажларды әмелге асырыў болып табылады».

Басқаша айтқанда, ғалаба хабар қуралларының жәмийеттеги орынын жетилистириў, баспасөз, телевидение, радио хызметин және де либералластырыў, олардың бийғәрезлигин ҳәм еркинлигин әмелде тәмийинлеў мәселелери турмысымызды реформаластырыў ҳәм жаңалаў бағдарында алдымызға қойған баслы ўазыйпалардың бири етип белгиленгенлигин көремиз.

Бизге белгили, мәлимлемени биринши нәўбетте журналистлер излейди, оларды ҳәм ғалаба хабар қураллары арқалы тарқатады.

Өзбекстанда «Журналистлик хызметти қорғаў ҳаққында»ғы нызам журналисттиң хызмети менен байланыслы жүзеге келетуғын мүнәсибетлерди тәртипке салады, оның ҳуқық ҳәм мәжбуриятларын белгилейди, оған ҳуқықый ҳәм жәмийетлик кепилликлер береди, журналистлик хызметин қорғаў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлығы ушын жуўапкершилик шараларын белгилейди.

Өзбекстанда ғалаба хабар қуралларында хызмет ететуғын журналистке төмендегише тәртип бериледи.:

«Журналист - Өзбекстан Республикасының яки сырт мәмлекетлердиң ғалаба хабар қуралларында хызмет ететуғын, яки оларды шәртнама тийкарында ислейтуғын, сондай-ақ, белгили мазмундағы мәлимлемени топлаў, талқылаў ҳәм де тарқатыў менен шуғылланатуғын шахс» деп көрсетиледи.

Ҳәзирги күнде мәмлекетимизде ғалаба хабар қуралларын мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес. Сондай-ақ, жергиликли ғалаба хабар қураллары сыпатында көзге тасланады.

- Мәмлекетлик ғалаба хабар қураллары мәмлекет тәрепинен шөлкемлестириледи яки белгили мәмлекет үлеси ҳәм мәмлекет бюджетинен ажыратылған қаржылар есабынан хызмет көрсететуғын ғалаба хабар қураллары есапланады.

- Жергиликли ғалаба хабар қураллары жергиликли ҳәкимият ўәкиллик органлары тәрепинен шөлкемлестирилип, олардың үлеси болған яки жергиликли бюджеттен ажыратылған қаржылар есабынан хызмет көрсететуғын ғалаба –хабар қураллары табылады.

- Мәмлекетлик емес ғалаба хабар қураллары қатарына мәмлекетлик емес шөлкемлер, жәмәәмлик бирлеспелер, жеке шахслар тәрепинен шөлкемлестирилген  ҳәм олардың қаржылары есабынан жумыс ислеўши ғалаба хабар қураллары киреди.

Бүгинги күнде Өзбекстан Республикасында 1200 ден аслам ғалаба хабар қураллары бар болып олардан 680 газета, 211 журнал, 4 ахборот агентлиги, 17 ахборотнама, бюллетенлер, 58 телевидение, 18 радиоканал, 44 веб сайтлар еркин хызмет көрсетпекте.

Өзбекстан ғалаба хабар қураллары ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен тап усы бүгинги күнге шекем көп ғана жетискенликлерди қолға киргизди деп айта аламыз. Бул жетискенликлер бир неше бағдарда әмелге асырылғанлығын көремиз.

Биринշиден, ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ ғалаба хабар қураллары хызметин тәртипке салыўшы ҳуқықый негизди, тийкарды жаратыўға, раўажландырыўға айрықша итибар қаратылмақда. Мәмлекеттиң ғалаба хабар қуралларын демократияластырыўдың ҳуқықый тийкарлары болған «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында, «Баспа хызмети ҳаққында», «Авторлық ҳуқық ҳәм түрлес ҳуқықлары ҳаққында»,  «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында», «Мәлимлеме алыў кепилликлери ҳәм еркинлиги ҳаққында», «Журналистлик хызмети  қорғаў ҳаққында», «Мәлимлеме еркинлиги принциплери ҳәм кепилликлери ҳаққында»ғы нызамлар қабыл қылынды.

Бүгинги күнде бул ҳуқықый негизлер жаңа нызамлар ҳәм әмелдеги нызамларға киритилген қосымша ҳәм өзгерислер есабынан жетилисип бармақда.

Басқада бир қатар нызам ҳужжетлеринде де журналист хызмети ҳәм жууапкершилигин ҳуқықый жақтан тәрипке салыўшы тәртип интизамға айрықша итибар қаратылмақта. «Мәлимлемелестириў», реклама ҳаққында, «Архивлер ҳаққында», Мәмлекетлик сырларды сақлаў ҳаққында, «Байланыс ҳаққында», «Пуқаралардың муражатлары ҳаққында», «Телекоминикация ҳаққында» ҳәм тағы басқа бирнеше онлаған нызамлар, Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманлары Министрлер Кабинети қарарлары ҳәм басқа да нормативлик ҳужжетлер усылар қатарына киреди.

Өзбекстан- ғәрезсизлик жыллары даўамында сөз ҳәм пикир еркинлиги, ғалаба хабар қураллары, журналист хызмети ҳәм жууапкершилигин ҳуқықый тәртипке салыўшы нызамлар көзде тутылған халық аралық ҳуқықый ҳүжжетлерге, сондай-ақ, инсан ҳуқықлары дүнья жүзилик деклорациясына, Фуқаралық ҳәм сиясый ҳуқықлар ҳаққындағы халықаралық пактке қосылды. Әлбетте, буларды үлкен жетискенлик десе болады.

Екиншиден, - кейинги жыллары ғалаба хабар қураллары ҳәм журналистлердиң мәплерин қорғаў, оларға ҳәр тәреплеме көмеклесиўге қаратылған бир қатар шөлкемлер дүзиледи. Әсиресе, Өзбекстан Миллий баспасөз Орайы, Журналистлерди қайта таярлаў халықаралық жәмийетшилик шөлкемниң дүзилиўи ғалаба хабар қураллары хызметиниң мақсети ҳәм ўазыйпалары ҳәм де көлемин белгилеп бериўде айрықша әҳмийетли болды. 2004-жылдың марат айында болса Өзбекстан Республикасы Журналистлериниң дөретиўшилик аўқамы шөлкемлестирилди.

Үшинши бағдар – профессионал журналистлер ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметлериниң таярлаў жаңаша басқышқа көтериледи. Мырза Улуғбек атындағы Өзбек Миллий университети журналистика факультети хызмети ҳәзирги заман талаплары тийкарында қайта шөлкемлестирилди. Өзбекстан Мәмлекетлик жәҳән тиллери университетинен халықаралық журналистика факультети ашылды. Министрлер Кабинетиниң 199-жыл 26- февральындағы «Журналист кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаў системасын жетилистириў ҳаққында»ғы қарарына муўапық, журналистика факультетлерин тийисли техникалық үскенелер менен тәмийнлеў ушын жетерли қәрежетлер ажыратылады.

Усының менен қатар, Жәҳән экономикасы ҳәм дипломатия университети жанындағы журналистика курсы, Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университети филология факультетиниң

журналистика бөлими, Мапон Уйғыр атындағы Ташкент Мәмлекетлик мәденият институты журналистика бөлими, ҳәмде журналистиклерди қайта таярлаў халықаралық орайы журналист кадрларды таярлаў ҳәм билимин жетилистириўге қәнигелестирилген.

Және бир жаңа қәдем, бул Өзбекстан Президентиниң 2005-жыл 2 – июньдағы қарарына муўапық, Өзбекстан Миллий Университети жанынан еки жыллық арнаўлы Жоқары журналистика курсының ашылыўы үлкен әҳмийетке ийе болды.

Төртинши бағдар – ғалаба хабар қураллары барған сайын раўажланып бармақта, қатары кеңеймекте ҳәм реңбе-рең пикирлер минберине айланбақта. Ең әҳмийетлиси, мәмлекетлик баслымларға қарағанда жәмийетшилик шөлкем баслымлары ҳәм де жеке меншик, мәмлекетлик емес ғалаба хабар қуралларының избе-из көбейтиў тенденциясы көзге тасланбақта.

Мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлер, сиясый партиялар басылымлары, коммерция, реклама ҳәм де диний баслымлар үзликсиз шығып турғанлығын көремиз.

Ахборот агентликлери, бийғәрез телестудиялар ҳәм радиоканаллар, сондай-ақ ҒМ толқынындағы радиолар саны артып бармақта.

Өзбекстанда телерадио индустриясы базарын раўажландараў, мәмлекетлик телевидение негизинде жәмәәтшилик телеканалларын қәлиплестириў, соның менен қатар комерциялық ҳәм жергиликли мәмлекетлик емес телерадио студиялары хызметин жетилистириў бойынша кейинги жыллары әмелге асырылған салмақлы ислер сөзимиздиң дәлийли болады.

Тикарғы нызамымыз болған Өзбекстан Республикасы Конститутциясының 29-статьясында сөз еркинлиги ҳуқықы анық көрсетилген. Соның менен бирге қайсы ҳалларда сөз еркинлигин шеклеў мүмкиншилиги де анық баян етилген. 67-статьяда болса ғалаба хабар қураллары хызметинде цензураға жол қойылмайтуғынлығы анық көрсетилген.

Ғәрезсизлигимизден соң қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Конституциясы сөз еркинлигине кепиллик бериўде ең раўажланған мәмлекетлердиң Конститутциясынан кемшилиги жоқ екенлигин бүгинги турмысымыздың өзи көрсетпекте. Президентимиз И.А. Каримовтың айтып өткениндей «Өзбекстан инсан ҳуқықларының қорғалыўын тәмийнлеў бағдарында дүньяда ҳеш бир мәмлекеттен кем болмаўы керек.

## 4-Лекция. Тема: Түркистанда күнделикли баспасөздиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы

Түркистан халықларының аўызеки халық дөретпелери, жазба әдебиятының тарийхый дереклери жүдә узақларға барып тақалады.

Ертедеги шешенлик өнери, жаршылық дәўиршилик көринислер, ҳәзирги бизиң дәўиримиздеги журналистиканың дәслепки көринислери сыпатында қәлиплескенлигин билемиз.

Тарийхый ҳәм мәдений мийрасқорымыздан «Арнон Енисей жазба естеликлери» сол дәўирдиң публицистикалық шақырық руҳы менен суўғарылған, жәмийетлик пикирге тәсир көрсетиўши қүдиретли күш сыпатында көриниске ийе болған.

Сонлықтан Архон Енисей естеликлери тек ғана көркем әдебияттың ғана емес, ал бәлким журналистиканың да ең қәдимги формасы сыпатында тән алынады.

Буннан еки мың жыл бурын Рим тарийхшысы Помпей Трог Туран халқы ҳәм оның өтмиши ҳаққында жазып «Бул журт өзиниң өтмиши бойынша Мысырдан да қалыспайды» деп баҳа берген. Демек, он мың жыллық қүдиретли тарийхқа ийе Мысырдай мәмлекеттиң тарийхы менен Туран – Туркистан биймәлел беллесе алар екен.

«Девани луғатит турк» туркий халықларының исламнан бурынғы өмири туўралы мағлыўмат бериўши бирден бир шығарма болып табылады. XI-XIII әсир ўақыялары ҳаққындағы хабарлар ---- «Сиясатнама» шығармасында келтирилген Шаҳобиддин Насавийдиң Жалолиддин Мангуберди өмирине бағышланған шығармаларында болса мәмлекетшилигимиз тарийхындағы жәмийетлик пикирлеў жараяны Әмир Темур дәўириндеги жарытылған шығармаларында өз сәўлелениўин тапқан.

Захриддин Мухаммед Бабурдан қалған «Бабурнама» шығармасы болса Түркистан, Аўғаныстан, Эрон, Ҳиндистон халықларының тарийхы, географиясы, этнографиясына байланыслы мағлыўматларда өз ишине алған, усы дәўирдиң әдебияты, публицистикасы ҳәм тилиниң анық көриниси

сыпатында сәўлелениуўин тапқан. «Бабурнама» 1493-жылдан 1529-жылға шекемги ўақыяларда сөз етеди.

Бабурнама шын мәнисинде XVI әсирдеги журналистиканың «Шоҳ» асари деп атайды. Жуўмақлап айтқанда, Туркистан баспасөзиниң тарийхый дереклери, үлкедеги аўыз еки ҳәм жазба хабарландырыў формаларының қәлиплесиуўине келип тақалады.

Дәслепки жазбаларда өтмиштеги бабаларымыз дөретиўшилигинде жәмийетлик хабарландырыў ҳәм публицистика белгилерин көриуўимиз мүмкин. Түркистанда ғалаба хабар қуралларының дәслепки түрлеринен болған газета-журналларды баспадан шығарыў Х1Х әсирдиң екинши ярымынан, патша Россиясы Түркистанды басып алғаннан соң басланғанын билемиз.

Баспаханалар пайда боламан дегенше әййемги туран зәмийнинде китаплар «Котиб» лер тәрепинен кәмине келтирилип сулыў етип көширилип көбейтилген ҳәм түпленген. Олар қолы гүл сүўретшилер тәрепинен ҳәр қыйлы реңдеги безелиўлер менен әўладтан әўладқа жеткерилип отырылған. Бундай китаплар бир нешше айлап, жыллап көширилген. Сонлықтан, бир китаптың баҳасы оғада қымбат болған. Оны сатып алыў ҳәр кимниң де қолынан келе бермеген.

Орта әсирлерде еле китап басып шығарыў техникасы ойланып табылмаған дәўирлерде ҳәр қандай шығарма қолда көширилип, китап қәлпине келтирилген. Бул өнердиң ийелери тарийхта «Хатотлар ямаса Китобатшылар» деп аталынған. Бул кәсип өз гезегинде ең муқаддес аброй мәртебели кәсип есапланған. Котиблердиң саўатлы болыўы кең жәмийетшилик ортасында оның мәртебесиниң өсиуўине тәсир жасай алған. Ол ҳәр бир шығарманы көшириў барысында сол көширип атырған шығарманы да өзлестирип үйренип барған. Нәтийжеде, котиб өз заманының оқымыслы, илимли, маърифатлы инсанлар қатарынан орын алған. «Хатот» өз заманының зыялысы, билимданы, жоқары мәдeният ийеси есапланған.

Араб имласында (грамматикасында) көширилип бизиң дәўиримизге шекем жетип келген қол жазбалар бизиң ата-бабаларымыз дөреткен бийбаҳа мәдений мийраслар есапланды. Усы бийбаҳа мийнетлер нәтийжесинде орайлық Азия халықлары жәҳән мәденияты раўажына мүнәсип үлес қоса алды деп толық мақтаныш пенен айта аламыз.

Бизге мәлим, Бухара, Хийўа, Ферғана, Самарқанд ҳәм Ташкент хатотлық мектеплери буннан бир нешше әсирлер алдын қәлиплескен. Тек ғана X1X әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басларында Бухарада 75, Самарқандта 22, Хийўада 47, Ташкенте 25, Ферғанада 38 атақлы ҳәм белгили хатотлар болып, олар халқымыз жаратқан ҳақыйқый илимий дүрданалардың бүгинги күнлеримиздиң жетип келиўине үлес қосқан. (Егер, бизиң китапханаларымызда болса излеп көрсеңиз болады, А.Мурадов деген илимпаздың «Орта Азия хатотлик санаати тарихидан» деген китабы 1972-жылы Ташкенте баспадан шыққан. Сизлерге қосымша әдебият хызметин атқарады).

Түркистанда китап баспасының пайда болыўы Орайлық Азия мәмлекетлериниң патша Россиясы тәрепинен басып алыныўы дәўирине туўра келеди. Бул дәўирге шекем үлкеде баспаханада, монография (Тасбаспа)да болмаған. Әдебиятқа болған зәрүрлик болса Түркистанға сырттан кирип қалған шығыс тасбаспа қол жазбалар менен ғана қалдырылған. Россияда Араб, Парсы ҳәм Түркий тиллердеги китапларды басыў он сегизинши әсирдиң жигирмаланшы жылларынан басланады. Мусылман (Араб) жазыўындағы биринши рус баспаханасы 1723-жылы Астраханда пайда болды, соң Петербург, Москва, Казан, Қырым, Кавказ сыяқлы орынларда иске түсирилди. (Не ушын Россияда мусылман жазыўындағы китапларды шығарыў зәрүрлиги пайда болды, керек болса түсиндирип кетиў керек). Түркистанда баспахана жолы менен басып шығарыў әдеўир Кеш пайда болды. Үлкени патша россиясы басып алғаннан соң патша ҳүкиметин зәрүриятынан келип шығып китап баспасы ушын техникалық-финанслық база жаратылды. Баспа ислериниң бир қатар жолға

қойылыўы, китаптың жергиликли халық арасына тереңирек кирип барыўына жол ашып берди. Журтымызда баспасөздиң раўажланыўына түртки болды. Илим ҳәм мәденияттың жетилисиўи жолында алдынғы идеялардың тарқалыўына жәрдем берди. Үлкениң басқыншылық дүзиминиң баспасөз ҳәм баспа жумысларынан орыслардың тәсирин күшейтиў, империяны еле де беккемлеў, жергиликли халықтың түрли қатламларына ҳәкимият ушын мақул болған жол менен идеологиялық ислеў бериў (қарашлаў) сыяқлы мақсетлерде пайдаланыўға умтылды. Усы дәўирдиң өзинде Ўатанпәрўарлық кипиятындағы әдебият ҳәм санаат арбаблары, маърифатшылар, миллий азатлық ушын гүресиўшилер ҳәкимияттың бул мақсетлерине қарсылық көрсетти. Қарама қарсы тәреплердиң қарсып кетиўи, миллий баспасөздиң пайда болыўындағы жағдайларды оның раўажланыў бағдарындағы қарама-қарсылықларды белгилеп берди.

Түркистанда Х1Х әсирдиң 60-жылларынан баслап китап баспалары жумыс баслады.

Түркистан үлкесин өз калониясына айландырыў мақсетинде, оның тәбийий шараяты, экономикасы, ислеп шығарыў күшлери, жергиликли халықтың турмыс тәризин үйренген орыс илимпаз ҳәм сиясатшыларының китапларының шығыўы дәслепки китап баспасына тийкар салыўға себеп болды. 1868-жылы «Заметки огорный стране увершен Шу и Нарына и опутях следования через её в Китайски Туркистан» деп аталатуғын китапша баспадан шығарылды. Х1Х әсирдиң 70-жылларынан баслап, өзбек тилинде китаплар баспадан шығарыла баслады. Шоҳмардан Ибраҳимовтың 1872-жылғы баспадан шығарылған «Календарь» атлы китабы олардың дәслепкиси еди. Ол 500 нусқада басып, 17х13,5 сантиметр өлшемде болып қапсыз шығарылған.

Баспа ислериниң хәўиж алыўы баспахана ҳәм де литография тармақларының кеңейиўине алып келди. 1872-жылы Түркистан генерал губернаторлығындағы девонханасында баспахана ашылды. Ол әскерий халық басқармасы баспахана деп аталды. 1877-жылы Ташкентте

С.И.Лахтинниң биринши жеке меншик баспаханасы пайда болды. Кейин ала О.А.Портцев, И.И.Гейер, П.Д.Минжинов, М.В.Канельсон, И.П.Идельмон, Виллер, Ш.Грайевскийлердиң ҳәр бириниң жеке меншик баспаханалары ашылды. 1880-жылы Янги марғилон, 1905-жылы Әндижан сыяқлы қалаларда олар жумыс баслады. Тийкарлап, өзбек ҳәм тәжик тиллеринде шығып атырған китаплар тасбаспа усылында шығарылған.

Муҳаммад Раҳимхон II – Феруз (1844-1910) ханлық қылған дәуирде Хийўа мәмлекетиниң бираз орайласыўы нәтийжесинде илим пән, Мәдeният ҳәм әдебият раўажланды. Ферруздың басламасы менен Хийўа қаласында тасбаспахана шөлкемлестирилди. Онда Феруздың пәрманы менен Алийшер Наўайының «Чор девон», «Ҳамса» шығармалары биринши мәрте шығарылды. Мунис, Огоҳий, Комил, Баёний, Мырзо, Авваз Утар, Девоний, Ниозий, Чокар сыяқлы шайырлардың шығармалары көплеген нусқада баспадан шығарылды. (Маънавият юлдузлари. Т.: 1999-жыл. Китап қосымша әдебият хызметин атқара алады).

Муҳаммед Раҳимхон II басламасы менен сарай китапханасындағы сақланып келинген сийрек гезлесетуғын баҳалы китапларды қайтадан баспадан шығарыў мақсетинде Ироннан тасбаспа (литография) үскенелери Хийўаға алып келинеди. Хийўалы Атажан Абдалов деген киси бул литографияны тереңнен үйренип усы кәсипте қәнигелеседи. (Т.Фидаев. «Матбуот – миллат чироғи» Т.: 1999) Ол рус, араб, парсы тиллерин жетик билген.

1876-жылда ол Муҳаммад Раҳимхонға китап баспа ислериниң дәслепки бөлими «Нисобус Сибён» китабын баспадан шығарып бериўге ериседи. «Нисобус Сибён» Хийўада ғана емес, бәлки, Орайлық Азияда биринши баспа китап есапланды.

Әдебиятлар:

1. Каттабаев. А «Ўзбекистон китоб нашри тарихига доир». Ўзбекистонда иштимоий фанлар. 1988-й. №2 43-45-бетлар.

2. Юсупов О., Досымбетов Г «Полиграфия комбинатына – 70 жыл». Қарақалпақстан 1996-жыл

3. Абдуазизова Н. «Туркистон матбуоти тарихи» Т.: «Академия» 2002-й.

4. Абдуазизова Н. «Миллий журналистикамиз тарихи» 1-том Т.: 2008-й.

5. История журналистики Ўзбекистона. (Тексты лекции) Т.: 2000.

Материалларды өзлестириў ушын сораўлар.

1. Типографияның қашан, қай жерде пайда болғанлығын айтып бериң. Оның жәмийетлик сиясий турмыста тутқан орны, әҳмийети нелерден ибарат болды.

## 5-Лекция. Тема: Түркистанның Рәсмий баспа сөзи

Россия империясы Орайлық Азия ханлықларын басып алғаннан соң, Қоқан, Бухара ханлықлары жерлеринде өзлериниң таяныш (орайларын) орайын – Түркистан генерал губернаторлығын дүзди. Оның орайы Ташкент еди. 1870-жылдан Ткашкентте генерал губернаторлықтың рәсмий органы «Туркистанские ведмости» ҳәм оған қосымша «Туркистан вилоятининг газетаси» шығарыла баслады.

«Туркистанское ведмости» 1870-жыл 28-апрельде (10-май күни) Түркистан генерал губернаторы Кауфман пәрманына бола басылып шықты. «Турксnatanское ведмости» - Туркистандағы тунғыш рәсмий баспа газета болып, ол Орта Азияда күнделикли баспасөзге тийкар салды. «Турксиtanское ведмости» газетасының 1870-жылы 17-саны жарық көреди. 1871-жылдан баслап болса, ҳәптесине бир мәрте, 1903-жылдың декабрьинен ҳәптесине үш мәрте, 1907-жылдан төрт мәрте, усы жылдың июль айынан күнделикли газетаға айландырылды. Оның ақырғы саны 1917-жылдың 15-декабринде шығарылады. «Турксиtanское ведмости» газетасы 47 жыл даўамында 6406 саны жарық көреди. «Турксиtanское ведмости» газетасы генераль губернатор тәрепинен Кауфман тәрепинен редакторланып шығарылып отырылған. Оның бириnши редакторы етип Н.А.Майев таярланды. «Турксиtanское ведмости» газетасына 1870-жылдан 1892-жылға шекем Н.А.Майев, 1892-жылдың 20-ноябринен 1899-жылдың декабрьине шекем А.Т.Романович, 1899-1901-жылларда С.А.Дипернер ҳәм 1901-жылдың 5-ноябринен 1907-жылдың 9-январына шекем Н.Г.Молицскийлер редакторлық қылған.

Газета патша россиясының колониялық (басып алыўшылық) сиясатын өткериў, Туркистан халықларын өзлерине садық пуқаралар етип диний жаҳолатта қоллап-қуўатлаў сиясатын әмелге асырыўға қаратылған еди. Аныкрағы, газетаның, газетаның бағдарламасы тийкарынан ишки ислер министрлиги тәрепинен белгилеп, сызып берилген болып, төрт статьядан ибарат еди:

1. Жоқары дәрежеси пәрманлар. Жоқары дәрежели телеграммалар, ўәлаят халқына байланыслы болған сыйлықлар, жәрдемлер салтанатлы күнлер ҳаққында қысқа мағлыўматлар.

2. Түркистан үлкесине тарқалыўы тийис болған улыўма ҳүкиметлик пәрманлар.

3. Рус патшаларының өмиринен алынған қысқа гүрриңлер, жергиликли баспада жаңалықлар.

4. Түркистан үлкесиндеги почта телеграф округи ҳәм басқа ҳүкимет шөлкемлериниң дағазалары ҳәм де жекке дағазалар.

Усы бағдарламаға тийкарланып «Туркс243танское ведмости» газетасында: 1. Рәсмий, 2. Ишки хабарлар, 3. Халық аралық жаңалықлар, 4. Әдебият. 5. Жергиликли хабарлар бөлимлери шөлкемлестирилди.

«Туркс243танское ведмости» өзиниң рәсмий бөлиминде тийкарынан Түркистан генераль губернаторының буйрық пәрманларын басып барды. Басқа бөлимлерде болса үлкениң тарийхы, географиясы, этнографиясы ҳәм статистикасына байланыслы мақалалар жарытылып барылды.

Бундай мақалалардың басым көпшилиги Орта Азияны биринши болып тексерген, оның географиясы ҳәм этнографиясына байланыслы жүдә көплеп мақалалар, шығармалар жазған Н.А.Майевтың қәлемине тийисли болды. Соның менен газета бетлеринде тарийхый ҳәм илимий характердеги материалларды көплеп ушыратыў мүмкин. Орта Азияны дәслепки тексерген В.В.Бартьлод, акдемик А.С.Берг, Н.А.Севецев, А.П.Федченко, И.В.Мушкетов, В.Ф. Ошакин, Н.Н. Панстусов сыяқлы рус алымларының көп ғана мақалалары жарық көрди. Түрли дәўирлерде, газета бетлеринде «Қирғизлар» (этнографик очерк), «Темурланг ҳаётининг сунги кунлари», «Қуқон тарихи ҳақида очерк» сыяқлы көп ғана мақалалар жәрияланып барылған.

Газета материаллары ҳәр түрли жанрларда: хабарлар, корреспонденциялар, очерклер, жол очерклери (сапарынша)

публицистикалық мақалалар жәрияланған газета санларында үлкениң мәдений турмысна байланыслы мәселелерде көплеп жарытылған.

Лекин, ҳүкимет сиясатын жарытып барыўшы бул рәсмий газета халықтың аўҳалы ҳәм олардың азатлық ушын гүреси ҳаққында ҳеш нәрсе демейди.

Булардан басқа Түркистанда сол дәўирлерде «Түркистан», «Туркестанский курьер», «Туркистанское хозяйство», «Асхабад» атамаларында бир қатар газеталар орыс тилинде шығарыла баслады.

«Турксsuccесанское ведмости» газетасы өзбек журналистика тарийхына дәслепки дийўал тасын қойған тунғыш рәсмий газета сыпатында тарийхта қалды.

Газет, Орта Азия, әсиресе, Түркистан үлкесин үйрениў бағдарында да тарийхый дәрек сыпатында хызмети үлкен.

Түркистанда биринши өзбек тилиндеги газета «Турксиtанское ведмости» газетасының тиккелей жәрдеминде пайда болды. Бул «Туркситон вилоятининг газетт» еди.

Бул газета 1870-жылдан (июль) 1917-жылдың февраль айына шекем үзликсиз шығып турады. 1871-жылдан 1883-жылға шекем Түркистан генерал губернаторының дилмашы Шоҳмардан Иброҳимовтың редакторлығында, 1883-жылдың 1917-жылға шекем Н.П.Остроумовтың басшылығы астында шықты. Газета, дәслепки «Турксиtанское ведмости»ға қосымша етип шығарылды. 1883-жылы бул қосымшалар генерал губернатор Черняевтың 29-санлы буйрығы менен «Туркистон вилояти» газетасына айланды. Газета қосымшалары дәслепки ўақытлары айына төрт мәрте еки рет өзбек, еки рет қырғыз (қазақ) тиллеринде шығарылып отырған.

Түркистан генерал губернаторы Адудянт Фон Розенбарх жергиликли халық арасында рус тилин үгит-нәсиятлаў мақсетинде 1885-жылдың январт айынан газетаны еки тилде өзбек ҳәм рус тиллеринде шығарғанлығы буйрық береди.

«Турксітон вилоятининг газети» өзбек мәденияты, санааты ҳәм әдебиятының раўажланыўында айрықша орынды ийелейди. «Турксітон вилоятининг газети» бетлеринде тарийх, этнография, археология, кумузматика илимлерине байланыслы бирнеше онлаған мақалалар жәриялап барды.

Газета бетлеринде, Европа илими ҳәм техникасы, әдебияты ҳәм мәденияты, Орта Азиялық ҳәм Юнон Рим илимпазлары, философларының өмир баяны, дөретиўшилик хызмети, қызықлы мағлыўматлар итибарға ылайық мағлыўматлар берилип барылған.

Өзбек халқының белгили ағартыўшыларының бири Абдулла Авлоний «Турксітон вилоятининг газети» ҳаққында былай дейди:

«Бул газета ески ҳүкиметтиң (финанс) қаржылай жәрдеми менен 1869-жылдан шыға баслаған ҳәм февраль өзгерислерине шекем тоқтамастан даўам етти. Бул газета дәслепки шығыўында Иброҳимов деген бир татардың оннан кейин болса, Новиков, Остроумов, Ибн Яминбеклердиң редакторлығы астында шығарылған. Бул газета Туркистанлы өзбеклер ушын биринши газета болғаны сыяқлы жергиликли халықты разолатқа (сафолатқа) (жоқшылыққа) баслаўшы тарийхый бир қара нийетли топарлардың да газетасы еди. Газетада турақлы жазыўшы болып ислеўшир мола Мактум Альам Қазы иследи. Жергиликли халық ишинде ески ҳүкиметке садық бир бенде болса, ол ҳәм тап Альам Қазының өзи еди».

Соңғы ўақытларда бир қанша ашық пикирлеў қәбилетине ийе жаслар да газетаға қалем менен қатнаса баслады. Лекин, булар тәсир қыла алмағаннан кейин бул газетадан кеўиллери суўый баслады. Бул газетаның итибарына келетуғын болсақ, ел арасында бул газетаға ҳәм биринши класс сыпатында ғәзеп көзи менен көрер еди.

Бул газета билимлендириўге, мәдениятқа душпан болғаны ҳәм де тәбийий ел арасында ала-аўызлық тарқатыўға бар күши менен ҳәрекет еткен, сондай-ақ, бул жолда бир қанша жетискенликлерге ерискен. Бул газетада редакторлық еткенлердиң ишинде ең фидокорларынан Миссионер

Остроумов еди (Абдулла Авлоний. «Бурунғи ўзбек вақтли матбуотнинг тарихи». «Ёш Ленинши» 1898-й. 18-июль).

Газетаға Шолпан тәрепинен берилген баҳада дыққатқа ылайық. (Китапқа қарап ал! 39-бет).

Солай да болса, адалат көз-қарастан соны айтып өтиў орынлы биринши газета сыпатында бул газеталар Түркистан үлкесинде күнделикли баспасөздиң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы ушын шараят жаратып берди. Кең жәмийетшиликте баспа сөзге, газета оқыўға болған қызығыўшылықты оятты. Бәри бир «Турксchallenge вилоятининг газети»нде жәрияланған мәдений-мағрифий темадағы мақалалар жергиликли халыққа тийисли газета оқыўшыларының билим дәрежесиниң өсиўине көмеклести. Оларда дүньялық илимлер, илим ҳәм техника, басқа халықлардың ең алдыңғы мәдений ҳәм әдебий мийрасына қызығыўын күшейтти. 1885-жылдан газетаның бир тәрепи орысша шыға баслады.

Өзбек газета публицистикасының дәслепки баслаўшылары: Зокиржон Фарҳод, Затторхон Абдуғаффаров, Маҳмудхожа Беҳбудий ҳәм басқалар алдыңғы өзбек зыялыларының «Турксchallenge вилоятининг газети» индеги дөретиўшилик бирге ислеўшилери Түркистан үлкесинде илим-билимлендириў ушын болған гүрес майданының кеңейиўине, демократиялық идеялар менен суўғарылған өзбек публицистикасының раўажланыўына жол ашып берди. (Таволлонның қосығы китаптан оқып бер 43-бет).

Әдебиятлар:

1. Абдуазизова Н. «Туркистон матбуоти тарихи» Т.: «Академия» 2002-й.

2. Жалалов А, Узганбаев Ҳ. «Ўзбек маърифатпарварлик адабиётининг тараққиётида вақтли матбуотнинг ўрни». Т.: «Фан» 1993-й.

3. Абдуазизова Н. «Миллий журналистикамиз тарихи» 1-том Т.: 2008-й.

**Материалларды өзлестириў ушын сораўлар**

1. Түркистанда күнделикли баспасөздиң пайда болыўына нелер тийкар болды?

2. «Туркистонское ведмости» газетасы қай ўақыттан баслап шыға баслады?

3. «Туркистонское ведмости» газетасының биринши редакторы ким еди?

4. «Туркистонское ведмости» газетасының баслы мақсети нелерден ибарат еди. Унамлы ҳәм де унамсыз тәреплери.

5. Газета бетлеринде жәрияланған мақалалар ҳәм олардың тематикасы.

## 6-Лекция. Тема: Үлкеде Х1Х әсир ҳәм ХХ әсир басларындағы Түркистан баспасөзи

Түркистанға баспасөз – күнделикли газета түсниги «Туркистан ўәлаятының газети» баслымы менен кирип келди. «Туркистан ўәлаятының газети» баслымы арқасынан өзбек халқы биринши мәрте күнделикли газета түснигине ийе болды. Түркистанның жергиликли халқы (өзбеклер, қазақлар, қарақалпақлар, тәжиклер, түркменлер, қырғызлар) күнделикли турмыстың социаллық, мәдений, сиясий ҳәм жәмийетлик турмысының тийкарғы ажыралмас бөлегине күнделикли басылымлар әлле қашан айланып үлгерди. 1904-1905-жыллардан «Туркистан ўәлаятының газети»ниң тәсиринде Түркистанда бир қатар русша, өзбекше күнделикли газеталар, олардан «Туркестан», «Зарафшан», «Самаоқанд» газеталары рус тилинде, «Тарaққий», «Хуршид», «Шуҳрат», «Самарқанд», «Садои Туркистан», «Садои Фарғона» сыяқлы күнделикли газеталар шығарыла баслады.

Ҳақыйқаттан да, сол дәўирде Туркистанда жәмийетлик сананың, әдебий муҳиттиң раўажланыўы ушын «Туркистан ўәлаятының газети», «Тарaққий», «Самарқанд», «Садои Туркистан», «Ойна» сыяқлы күнделикли баспасөз баслымлары айрықша белсендилик көрсетти.

Туркистанда усы дәўирлерде баспадан шыққан күнделикли газета ҳәм журналлардың сарғайып кеткен бетлерин көзден кеширер екенбиз, оларда (өзбек халқы) Туркстан халқы этнографиясына, тарийхына, аўызеки халық дөретпелерине, үрп-әдетлерине, мәдениятына, билимлендириўине классик ҳәм жаңадан тийкар салынып атырған өзбек маърифатпәрўар демократиялық әдебиятына бағышланған көплеген қосықларға, (поэзиялық шығармаларға) публицистикалық мақалаларға, әдебий сын пикирлерге, қысса, ҳәтте романларға да дусласамыз.

Әсиресе, 1905-1917-жыллар аралығында үлкеде баспадан шығарылып атырған күнделикли газеталар өзбек миллий әдебиятының раўажланыўында, оның кең жәйиетке ерисиўинде, бахытлы турмыс ушын үлкен шақырықларға

толы, гүресиўшеӊ, үгит-нәсиятшыл әдебиятқа айланыўында өзине тән орынға ийе. Соны айрықша атап өтиў орынлы, мине усы күнделикли газеталардыӊ тиккелей тәсири астында өзбек әдебияты өзине тән миллийликке ийе болды. Халықшыл газетаға, демократиялық газетаға айланды.

XX әсирдиӊ биринши он жыллықлар дәўиринде Туркистанда шығып турған күнделикли газеталар әдебияттыӊ жыршысына, маърифат, раўажланыў, еркинлик, азатлық ушын гүрестиӊ еӊ тәсиршеӊ үгит-нәсиятлаўшы минберине айланды.

Күнделикли газеталар көлеми (2-4 беттен ибарат) қысқа болғанлықтан өзиниӊ ишки жағдайларынан келип шығып әдебиятты ҳәм қысқалыққа ҳәм тереӊликке (кишкене көлемде оғада үлкен мәселелерди көтерип шығыўға) үйретти. Нәтийжеде әдебият, Туркистан ушын оғада зәрүр болған үлкен-үлкен машқалаларды, үлкеде жүз берип атырған үлкен ўақыя ҳәм ҳәдийселерди, қысқа, анық, тереӊ, соныӊ менен бирге жергиликли халыққа түсиникли болған тилде жеткерип бериўди баслады.

Күнделикли газеталардыӊ раўажланыўы менен журналистиканыӊ жаӊа жанрлары кирип келди. Әдебияттыӊ ири жанрлары қәлиплести. (Публицистика, очерк, қысса, роман, әдебий сын ҳәм тағы басқа).

XX әсир басларында Туркистанда баспасөздиӊ екинши түри айнамалар (журналлар), Мәселен, «Ойна», «Аль-ислоҳ», «Аль-изоҳ», «Кенгаш» сыяқлы журналлар баспадан шыға баслады. Бул айнамалар әсиресе, «Ойна» (Беҳбудий редакторлығында шығарылған) XX әсир басындағы Туркистанныӊ жәмийетлик санасы, мәденияты, билимлендириўи, әдебиятыныӊ раўажланыўында салмақлы орын тутады.

1979-жылы өзбектиӊ белгили әдебияттаныў илиминиӊ ўәкили Зио Сайдтыӊ «Өзбек әдебиятыныӊ тарийхы» деген китабы қайта баспадан шыққан. Бул китап ҳаққында Узганбаев, Жалаловлар сын пикирлерин билдиреди.

Демократиялық бағдардағы өзбек миллий баспасөзиниң дәслепкилери 1905-1907-жылларда жүз Берген биринши рус инқилоби дәуиринде шөлкемлести.

Тунғыш миллий баслымлардың сол дәуир жәмийетлик турмысындағы орны, олардың пайда болыўы, қәлиплесиў жараяны ҳаққында түрли бағдарларда илимий изленис жумысларын алып барыў мүмкин.

Туран үлкесин қалақлықтан, камбағалшылықтан ҳәм қуллықтан қутқарыў, азатлыққа еркинликке умтылып жасаўға жол көрсетиў, ғәрезсизлик ушын гүрести нәсиятлаў, пүтин бир миллеттиң мәнаўиятын қәлиплестириў ҳәм келешекке исенимли қәдем қойыўына бағдарлаў ушын баспасөздиң зәрүрлиги сонда марифатпәрўаршылардың биргеликтеги хызмети менен тиккелей байланыслы.

Әне, усындай басылымлардың бири «Тараққий» газетасы есапланады. (әдебиятқа жазып қойсын: Пидаев Т, Дўстқараев Б. «Тараққий-илк миллий газетаси». «Халқ сўзи» 1993 й. 14-июнь) 1906-жылдың 14-июнь сәнесинде «Тараққий» газетасының биринши саны басылып шықты. Бул газетаның тили ҳәм басқа жергиликли газеталар сыяқлы татарша, түркше, арабша сөзлердиң араласпасынан ибарат болып, бул сөзлер өзбек тилине масластырылып қолланылған. Газетаның бары жоғы 21 саны шықса да, ҳүкиметке қарсы материаллар басқаны, жәриялағаны ушын төрт мәрте жуўапкершиликке тартылған. «Тараққий» газетаси жергиликли халықтың ҳал аўҳалы ҳаққында оғада көп жазар еди. Жаңа усылдағы мектеплерди үгит-нәсиятлар еди. Реакцион күшлердиң пикирлерине қарсы шығып, айрым ўақытлары М.Морозовтың «Русский Туркистан» газетасынан айрым мақалаларды көширип алыўға да орын ажырата алған.

Газета ески усыл мектеплеринде болмаған, математика, тарийх, география сыяқлы пәнлерди жаңа усылдағы мектеплердиң дәстүрлерине киргизиў мәселесине қоллап қуўатлады.

Әдебиятлар:

1. Жалалов А, Узганбаев Ҳ.

2. Абдуазизова Н

**Материалларды өзлестириў ушын сораўлар**

1. «Туркистан ўәлаятының газети» қашаннан баслап шыға баслады ҳәм олардың редакторлары кимлер еди?

2. Газетаны еки тилде мақсет не еди?

3. «Туркистан ўәлаятының газети» ниң тийкарғы тематикасы, проблематикасы.

## 7-Лекция. Тема: «Тараққий» газетасы

1. «Тараққий» газетасы Туркистандағы жәмийетлик сиясий жағдай.
2. «Тараққий» газетасы тематикасы, проблематикасы.
3. Газетаның әҳмийети.

1900-жылларындағы басларына келип Түркистанда жәмийетлик сиясий ҳәрекетлер ҳәуиж алған дәуирлер еди.

1905-жыл. Патша Россиясының зулымына қарсы барлық мийнеткеш халықлар сыяқлы Туркистан халқы да кескин гүрес алып бармақта еди. Усындай ең бир қыйын дәуирде Туркистанның алдыңғы зыялы ўәкиллери ушын жаўынгер күнделикли газетаның әҳмийети үлкен болды. Үлкедеги азатлық ушын ат салысқан ҳүр пикирли зыялыларымыздың басым көпшилиги жергиликли тилде газета шығарыў ушын ат салысты. Себеби, бундай күнделикли газета халыққа азатлық ушын гүреслер, олардың барысы ҳаққында, улыўма, дәуир ҳәм жәмийет пенен тиккелей байланыста болған тийкарғы машқалалар ҳаққында мағлыўматлар берип барыў керек еди.

Патша Россиясының зулымына қарсы гүреске атланған Туркистан халқының санасын оятыў, оларға ким дос, ким душпан екенлигин көрсетип түсиндирип бериў ушын ҳақыйқый халықшыл күнделикли газетаның болыўы зәрүр ҳәм шәрт болып қалады.

Бундай үлкен жуўапкерли ҳәм саўаплы ўазыйпаны 1906-жылдан баслап шыға баслаған «Тараққий» газетасы өз миннетине алды.

«Тараққий» газетасының 1-саны 1906-жылы 14-июньда (27-июнь) Ташкенте басып шығарылды. Күнделикли газета өзиниң биринши санында-ақ өзиниң алдына қойған мақсетин «Нажот, масланда сабот, тўғриликни ижлбат. Илмий, адабий, сиёсий, фанний, тижорий газетадир. Осиё васатининг маншатидан баха килур. Мухаррир ва ношири Сайд Исмоил Ғобидов»- деп көрсетеди.

«Тараққий» газетасы өз бетлеринде Патша Россиясының Туркистанда алып барып атырған басқыншылық сиясатын, зорлық сиясатын ашып

таслауға, қаралауға қаратылған мағлыўматларды, публицистикалық мақалаларды жәриялаў арқалы кең жәмийетшиликте зулымға, зорлыққа қарсы гүресиўге шақырар еди.

«Тараққий» газетасы жергиликли халықтың сиясый дунья қарасын қәлиплестириўге тәсир етиўши сиясый публицистикалық мақалаларды избе-из үзликсиз жариялап отырды.

1993-жылы Өзбекстан Республикасы Фанлар Академиясының «Фан» - баспасы А.Жалалов ҳәм Ҳ.Ўзганбаевлардың «Ўзбек маърифатпарварлик адабиётининг тараққиётида вақтли матбуотнинг ўрни» деген монографиясы жарық көрди. Бул монографияда XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларындағы Туркистан баспасөзиниң раўажланыўы, газеталар ҳәм сол газеталарда ислеген редакторлар ҳаққында оғада қунлы мағлыўматларды берген.

«Тараққий» газетасы бары жоғы үш ай ғана жарық көрди. Газетаның 19-саны шығарылып 20-санына қарағанда Патша Россиясының цензурасы тәрепинен тоқтатылды ҳәм газета мүлки хатланады.

Газетаның редакторы Ғабидов Исмайыл Шарифатдинович миллети татар, 1880-жылы Туркистанның шығысында жайласқан Гүлше каласында зыялы шаңарағында дүньяға келеди. Әкеси қайтыс болғаннан соң шаңарақ ағзалары Казан қаласына кошип келеди. Бул жерде училищеде тәлим алған Исмайл Ғабидов 1903-1905-жыллары Москва қаласында оқыўын даям етеди. Ол шығыс халықлары тиллерин – (парсы, араб) жақсы билиў менен рус тилин жетик меңгерген, рус классик әдебиятын қызығыўшылық пенен үйренген. Россиядағы Патша Россиясы ҳүкиметине қарсы ҳәрекетлерде белсене қатнасқаны ушын Туркистанға сүргин қылынған ҳәм усы жерде Ташкентте жергиликли халықтың зыялылары Мирмуҳсин, А.Қодирий, музаффарзада, А.Авлоний ҳәм басқалар менен жақыннан танысады.

«Тараққий» газетасының өз окыўшыларына ийе болып Ходжент, Ферғана, Самарқанд, Бухара, Хорезм еллерине тарқатылған.

«Тарaққий» газетасы бетлеринде шархшунас алым Наливкин, жазыўшы ҳәм аўдармашы Абдусафиҳо, Исмайл Алиев, Шокир Мухторийлар, үлкен философ, алым, жәмийетлик искер, өзбек халқының мақтанышы. Беҳбудийдиң жақын досты ҳәм пикирлеси Мунавварқары Рашидханов ҳәм де өзбек шайрасы Мулла Саид Ахмад қизи Нозимахоним ҳәм басқалар өзлериниң әдебиятқа, билимлендириўге, раўажланыўға, Туркистандағы социал-экономикалық ҳәм сиясий ўақыяларға, ис таслаўларға, азатлыққа бағышланған публицистикалық мақалалары, қосықлары менен белсене қатнасқан.

«Тарaққий» газетасы Туркистан халкына Патша ҳүкиметиниң «17-октябрь Манифести» не мәжбүрий қол қойғанлығын, оның бул шегиниси, бойсыныўы ўақтынша екенлигин, Патша Россиясы ўақыттан пайдаланып күш жыйнап атырғанлығы, улыўма манифестиң турған питкени өтирик екенлигин қайта-қайта уқтырып өтти.

Күнделикли газета Патша Россиясы ҳүкимети тәрепинен 1905-жыл 17-октябрьде берилген «Баспасөз еркинлиги»ниң жасалма, өтирик екенлигин өзиниң еки санында-ақ, қорықпай қаралған, аяўсыз паш еткен еди.

«Тарaққий» Патша ҳүкиметиниң Туркистан халықларын қараңғы түнекте, қуллықта сақлаўға умтылып, олардың мәдениятын илимин, әдебият ҳәм баспасөзиниң раўажланыўына тосқынлық қылғанлығын, жергиликли бир көркем әдебий шығарманы басыўға рухсат бермегенлигин ашық айдын жазыў менен, оның себеплерин де ашып бере алған.

«Тарaққий» да бундай мазмундағы мақалалар авторы көрсетилмей берилип,оның тийкарғы бөлимлери Исмоил Ғабудовқа тийисли еди. Усындай баспадан шыққан публицистикалық мақалалары ушын И.Ғабитов бир неше реет тергеўге шақырылған ҳәм жәриймалар төлеўге мәжбүр болған.

Сол дәўирлердеги ең абройлы күнделикли газеталардың бири «ТВГ»ның редакторы Н.П.Остроумовтың басшылығында бир топар қара нийетлердиң тазыйық өткериўи астында «Тарaққий» газетасының 1-3-санлары июнь, июль санлары қатты қысқыға алынды. ТВГның 1906-жыл июнь, июль санларында

«Тараққий» газетасына қарсы бир қатар мақалалар жәриялады. Лекин, Ташкентте рус тилинде шығатуғын «Русский Туркистан» газетасы «Тараққий» газетасын қатты турып қоллап-қуўатлады ҳәм оған қарата айтылған пикирлердиң тийкарсыз екенлигин дәлилледи.

«Тараққий» өз бетлеринде басып шығарылған «Ташкент 12-июнь», «Ташкент 14-июнь», «Ташкент 9-август» атамасындағы сиясий публицистикалық мақалалары менен азатлық, ҳүррият, бирадарлық, сөз еркинлиги ҳаққында әжайып пикирлерин баян етиў менен бирге ғәрезсизликке умылыўшы руўх пенен суўғарылған көркем шығармаларда да жәриялап барды.

1991-жылда, Өзбекстан ғәоезсизликке ерискеннен соң, бул бағдарда жаңа пикирлер қәлиплесе баслады. Өзбекстан баспасөзиниң раўажланыўының тарийхын изертлеўшилерден Т.Пидаев ҳәм де Б.Дўстқараевлардың «Халқ сўзи

газетасының 1993-жыл 14-январь санында «Тараққий илк ўзбек миллий газетасы шөлкемлестирилген сәнени «Өзбек миллий баспасөзи күни, деп белгилеў ҳаққында пикирлер билдириледи. Себеби, «Тараққий» газетасы өзиниң биринши күнинен, тап жабылан күнине шекем, ҳақыйқый мәнисте, раўажланыўға умтылыўшы газета бола алды. Ол жергиликли халықтың мәплери жолында хызмет көрсеткен миллий газета еди.

Өзбекстан Республикасының Президентиниң пәрманы бойынша «Тараққий» газетасы шөлкемлескен сәне, 27-июнь «Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни» - деп жәрияланды.

Ўзбекистан миллий баспасөзиниң тунғышы «Тараққий» газетасының 100 жыллығына байланыслы белгили алым Байбута Дустқараев «Тараққий» баслап берген жол» мақаласында Исмойыл Обидий ҳаққында көпшиликке мәлим болмаған факт ҳәм мағлыўматларды «Ҳүррият» газетасының 2006-жыл 28-июнь ҳәм де 5-июль санларында жәриялады.

Белгили тарийхшы илимпаз, тарийх илимлериниң докторы, профессор Назира Абдуазизованың «Миллий журналистика тарийхы» китабында

көрсетилиўинше Алийшер Наўайы атындағы Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик китапханасының F-63-F-73 инвентатор санларында «Тараққий» газетасы сақланбақта. Бул жерде оның 6 саны бар.

## Әдебиятлар:

1. Абдуазизова Н. «Миллий журналистикамиз тарихи» 1-том Т.: 2008-й.

2. Абдуазизова Н. «Туркистон матбуоти тарихи» Т.: «Академия» 2002-й.

3. Жалалов А, Узганбаев Ҳ. «Ўзбек маърифатпарварлик адабиётининг тараққиётида вақтли матбуотнинг ўрни». Т.: «Фан» 1993-й.

4. Пидаев Т, Дўстқараев Б. «Тараққий» - илк ўзбек миллий газетасы». «Халқ сўзи» газетасы. Т., «Фан». 1993-й. 14-январы.

5. Дўстқараев Б. «Тараққий баслап берген жол». «Хуррият» газетасы 2006-жыл. 28-июнь, 5-июль санлары.

## Материалларды өзлестириў ушын сораўлар

1. «Тараққий» газетасының (пайда болыўында) қәлиплесиўинде жәмийетлик сиясий жағдайлардың тәсирин айтып бериң?

2. Газетаның редакторы ким еди, оның өмири ҳаққында нелерди билесиз.

3. «Тараққий» газетасының алдына қойған мақсети нелерден ибарат еди. Газетаның Патша Россиясы сиясатына көз-қарасы?

4. Газета бетлеринде билимлендириў ҳәм сиясий мәселелердиң сәўлелениўи.

5. Миллий журналистиканың қәлиплесиўинде «Тараққий» газетасының орны.